

PENILAIAN BAHASA JAWA SEMESTER GENAP

NAMA SISWA :

NO. ABSEN :

Wenehana tandha Ping (x) Ing aksara A, B, C, utawa D, minangka wangsulan sing bener !

1. Cangkringan yaiku. . . .
A. tembung loro sing padha utawa meh padha tegese digandheng dadi siji.
B. tembung loro sing digandheng dadi siji nuwuhake teges anyar.
C. unen-unen kang nuwuhake teges mbangetake.
D. unen-unen kang isine kudu dibatang.
2. Tembung globalisasi iku asale saka tembung “globe” sing tegese
A. bal bunder B. mendunia C. di dunia D. donya
3. Ukara-ukara kasebut ing ngisor iki sing kalebu dhampak positif globalisasi yaiku
A. Ilange pakulinan gotong royong C. Ilange budaya asli.
B. Komunikasi saya angel. D. Majune teknologi.
4. Ceblok mengisor, sing digoleki mendhuwur
Cangkringan kasebut batangane yaiku
A. Benik B. andha C. prau bocor D. gentheng bocor
5. Batangane “ontong gedhang “.
Cangkrimane, pak demang klambi abang
A. disawang malah ilang C. disuduk manthuk-manthuk
B. rupamu kaya kranjang D. penggaweane saba blumbang
6. Bapak pucung wujud mlungker kaya kalung,
 Tangan papanira,
 Nduhake rina wengi,
 Lamun mati bing sang bendara,
Badhekane yaiku
A. gelang jam B. binggel C. tasbih D. ali-ali
7. Batangane cangkringan “Yen cilik dadi kanca, yen gedhe dadi musuh” yaiku
A. Geni B. sapu C. wit D. dalan
8. Cangkringan “Dikethok malah “. Ukara kanggo njangkepi cangkringan ing kasebut
yen batangane **celana** yaiku
A. Amba B. dhuwur C. adoh D. mlayu
9. Cangkringan kang batangane nanas sing trep yaiku
A. sego sakepel dirubung tinggi C. pitik walik saba kebon
B. lampu dipecah metu uwonge D. gajah numpak becak
10. Pitik walik saba meja, batangane yaiku
A. Nangka B. nanas C. sulak D. sapu

11. Manun wujudé ,cangkriman iku kaperang dadi
 A. Enem B. lima C. papat D. telu
12. Andha kuwi cangkrimane emboke . . . , nanging anake diidak-idak.
 Ukara kang trep kanggo njangkepi cangkriman ing dhuwur yaiku ...
 A. Digepuki B. digandeng C. ditangisi D. dielus-elus
13. Cangkriman kang mathuk karo batangane sing ateges dina yaiku
 A. Bapak pucung seduluran ana pitu,
 gunung,
 tan ana kang padha,
 mati enem urip siji,
 dulur pitu gak tau urip bebarengan.
 B. Bapak pucung laire tinitah bisu,
 kalung,
 lamun rinaketan,
 pinarsudi den temoni,
 mung sarana pinandeng wruh basanira
 C. Bapak pucung rupane saengga
 soklat semu abang,
 saben uwong mesthi gething,
 yen kanggonan dielus-elus tetangisan.
 D. Bapak pucung renteng-renteng kaya
 dawa kaya ula,
 pencokanmu wesi miring,
 sing disaba si pucung mung turut kutha.
14. Ukara ing ngisor iki sing kalebu cangkriman yaiku
 A. Ana catur mungkur. C. Gajah nguntal sangkrah.
 B. Nguyahi banyu segara. D. Abang–abang lambe.
15. Batangane cangkriman **sega sakepel dirubung tinggi** yaiku
 A. Sulak B. salak C. tinngi D. nanas
16. cangkriman ing ngisor iki sing kalebu cangkriman plesetan yaiku
 A. Pitik walik saba kebon. C. Disuguhi anggur cap senggot.
 B. Gajah nguntal singkrah. D. Yu mahe rong lut mahe ndhut.
17. Bapak pucung
 Tanpa untu darbe siung
 Badanira panjang
 Tutukira pun pesagi
 Dina-dina pocung nguntal buntutira.
 Batangane cangkriman kang awujud tembang kasebut yaiku
 A. Ula B. rante C. sabuk D. tampar
18. *Pak boletus* kalebu cangkriman kang awujud. . . .
 A. Pepindhan B. blenderan C. wacahan D. tembang
19. Lawa lima kalong telu, dadi pira ?
 Cangkriman kasebut badhekane yaiku
 A. Wolu B. enem C. papat D. Telu
20. Simbah saben sore nggodhog kaspe, banjur direndhem sewengi. Esuke dikukus banjur diwenahi ragi, ditutup nganggo godhong gedhang kanthi brukut karepen cepet mateng. Jarene simbah kaspe iki sesok lek bosok malah enak.
 Cangkriman ana ing ilustrasi kasebut tegese yaiku

- A. Tape B. godhoh C. gethuk D. klenyem
21. Wong sing omong ing sakngarepe wong akeh diarani ...
A. patroli B. Pidato C. Ronda D. pandhe
22. Wacanen!
Assalamualaikum wr.wb,
Ibu Kepala Sekolah ingkang satuhu kula bekteni, Bapak Ibu Guru ingkang dhahat kinormatan, sarta adhik-adhik kelas ingkang kula tresnani.
Wacan kasebut ing dhuwur kalebu ukara....
A. Cangkriman B. Parikan C. Sesorah D. Paribasan
23. Bab-bab sing kudu digatekake nalika pidhato yaiku
A. Bangkekane nawon kemit C. Untune mijil timun
B. Swarane kudu cetha D. Prawakane kudu bagus
24. Wacanen!
Wasana cekap semanten atur kula, menawi kathah kalepatan atur saha solah bawa ingkang boten mranani penggalih, kula nyuwun pangapunten.
Wacan kasebut ing dhuwur kalebu panutup pidhato bab
A. Dudutan B. Pakormatan C. Salam D. Nyuwun pangapura
25. Bocah cilik tlusap tlusup nang kebon. Kalebu cangkriman sing awujud
A. cangkriman awujud wacahan
B. cangkriman awujud irib-iriban
C. cangkriman awujud plesetan
D. cangkriman awujud tembang
26. Wacanen!
....
Puji syukur, sumangga kita aturaken dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Welas Asih. Awit saking rahmatipun kita sedaya tansah pinaringan kawilujengan, saengga saged makempal wonten papan menika,
....
Mituhu ukara kasebut, ingkang kalebu bab-bab baku sesorah sing kudu diaturake yaiku
A. Wasana B. Purwaka C. Wigati D. Pangarep-arep
27. Salam pambuka sesorah kuwi pakormatan kangge
A. Para pinisepuh B. Para ringkesan C. Para rawuh D. Para kawula
28. Pidhato manten lan pidhato karang taruna miturut swasanane kalebu
A. Pidhato desa B. Pidhato resmi C. Pidhato ora resmi D. Pidhato formal
29. Sing kalebu cangkriman awujud plesetan yaiku
A. Bocor malah kebak, bosok malah enak, wong adol tempe ditaleni
B. Urang sapikul matane pira, lawa lima telu dadi pira, pitik walik saba kebon
C. Ana gajah numpak becak ketok apane, wong adol krambil dikepruki
D. Dikethok malah mundhak dhuwur, bocor malah kebak.

30. Endhek dhuwure swara wanci pidhato diarani
 A. Vokal B. Intonasi C. Ekspresi D. Ekstemporan
31. Pidhato kuwi butuh keprigelan, kanggo sinau kudu diwiwiti
 A. Maca naskah dhisik C. Ora nganggo teks ora apa-apa
 B. Langsung omong sakngarepe wong akeh D. Mung butuh gagah lan prakosa
32. Dudutan, panyuwuan pangapura, lan salam panutup kuwi kalebu perangan pidhato.
 A. Dudutan B. Pambuka C. Panutup D. Isi
33. Keparenga kula matur minangka sesulih siswa-siswi SD Wates, ngaturaken sugeng rawuh wonten acara perpisahan siswa-siswi kelas VI sing sampun **purna** anggene sekolah kanthi lancar sedayane.
 Tembung **purna** tegese, yaiku ...
 A. mulai
 B. sinau
 C. sekolah
 D. rampung
34. Pidhato kanthi cara maca teks diarani
 A. Ekstemporan B. memoriter C. Impromptu D. Naskah
35. Salah sawijining kekirangane pidhato kanthi metodhe naskah, yaiku
 A. Nulis naskah sakdurunge pidhato C. Pamidhanget kirang nggatekake
 B. Ngapalake sakdurunge pidhato D. Ora bakal menggok karo tujuan pidhato
36. Salah sawijining cara supados lingkungan mboten maringi bencana tumrap kita inggih punika jagi kabersihan
 A. Griya B. Sekolah C. Lingkungan D. Awake dhewe

37. Wacanen!

Sepisanan, sumangga sesarengan ngunjukaken puja puji katur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Agung, sampun paring rahmat sarta hidayah dhumateng kita sedaya, saengga ing wekdal punika kita taksih pinaringan rahayu wilujeng nir ing sambikala.

Kula minangka wakil saking siswa kelas VI, ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa utami dhumateng Bapak Ibu Guru, saengga saged ngrampungaken kewajiban anggen kula sakanca ngangsu kawruh wonten ing pawitan menika. Kula sakancanamong saged mamuji, mugi-mugi sedaya amal la kesaenan Bapak Ibu Guru pikantuk piwales dening Gusti Allah ingkang Maha Agung, saha tansah pinaringan kasarasan, kawilujengan lan katentreman. Mboten kesupen kula sakanca ugi nyuwun pangapunten, awit kula lan sakanca asring damel Bapan Ibu Guru duka lan kuciwa. Awit saking atur saha solah bawa kula sakanca ingkang boten mranani penggalih panjenengan sedaya.

Wasana cekap semanten atur kula, menawi kathah kalepatan atur saha solah bawa ingkang boten mranani penggalih, kula nyuwun

Isi bakune wacanan sesorah ig dhuwur yaiku

- A. Sesarengan ngunjukaken puja puji katur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Agung
- B. Siswa kelas VI ngucapaken matur suwun, saha nyuwun pangapunten dhumateng Bapak/ Ibu Guru.
- C. Siswa kelas VI nyuwun dunga restu nerusaké sekolah wonten jenjang sakteruse.
- D. Siswa kelas VI nyuwun pinaringan rahayu wilujeng nir ing sambikala.
38. Bu Guru ngongkon aku sregep sinau kanggo persiapan ujian. Tembung ngongkon yen diowahi basa krama dadi
- A. ngengken B. Ngutus C. Nimbali D. ndawuhi
39. Wacanen!
-
- Bapak Ibu ingkang dhahat kinurmatan, lintunipun pikanthuk kauntungan, usaha punika saget kangge latihan wira usaha. Mugi ing tembe mburi saget gesang mandhiri, mboten namung gumanthung dhumanteng peparangipun tiyang sanes.
- Wusana namung makaten kula aturaken, mugi saged migunani tumrap warga mriki.
-
- Wassalamu'alaikum wr wb.
- Perangane panutup pidhato sing bener yaiku
- A. Kula aturaken monggo diterusake wira usane supados dadi gedhe.
- B. Manawi wonten lepat anggen kula matur, nyuwun agunging pangaksami.
- C. Mugi tembe mburi saged gesang mandhiri, mboten namung gumanthung.
- D. Atur panuwun ingkang tanpa upami dhumateng warga sedaya kangge ditularake.
40. Pidhato seng ngapalake naskah luwih dhisik diarani
- A. Improptu B. Memoriter C. Naskah D. Ekstemporan